

BAB III

MÉTODE PANALUNGTIKAN

3.1 Sumber Data


Sumber data dina panalungtikan nya éta ti mana asalna subjék data ditalungtik (Arikunto, 2006: 129).

Sumber data dina ieu panalungtikan nya éta sakabéh siswa kelas IX A SMP Negeri 3 Lembang taun ajaran 2011/2012. Jumlah sumber data dina ieu panalungtikan nya éta 38 siswa, nu kabagi kana 16 siswa lalaki jeung 22 siswa awéwé.

3.2 Desain Panalungtikan

Desain panalungtikan nya éta anu dirancang pikeun ngajawab atawa ngajelaskeun masalah-masalah panalungtikan. Ieu desain panalungtikan téh disusun dumasar kana léngkah-léngkah: (1) nangtukeun masalah, (2) studi pendahuluan, (3) ngawatesanan jeung ngarumuskeun masalah, (4) ngarumuskeun anggapan dasar, (5) nangtukeun sumber data, (6) nangtukeun jeung nyusun instrumén, (7) ngumpulkeun data, (8) analisis data, (9) nyieun kacindekan, jeung (10) nyusun laporan, Arikunto (2006: 22-23).

Sangkan leuwih jéntré, léngkah-léngkah panalungtikan digambarkeun ieu di handap.



Bagan 3.1 Desain Panalungtikan

3.3 Méthode Panalungtikan

Méthode panalungtikan mangrupa cara nu digunakeun dina ngayakeun panalungtikan. Méthode nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta méthode déskriptif, anu tujuanna ngadéskripsikeun masalah ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda dina nulis biantara anu ditulis ku siswa kelas IX SMP Negeri 3 Lembang.

Ngaliwatan ieu méthode, panalungtik baris ngadéskripsikeun data-data anu dikumpulkeun dumasar hasil analisis nepi ka bisa nyieun kacindekan tina ieu panalungtikan.

3.4 Wangenal Operasional

Sangkan leuwih jéntré, ieu panalungtikan ngébréhkeun wangenan-wangenan operasional anu aya patalina jeung judul ieu panalungtikan.

1) Undak-usuk Basa Sunda

Undak-usuk basa Sunda nya éta ragam basa nurutkeun sikep panyatur nu raket patalina jeung kakawasaan, kalungguhan, sarta lomana antara panyatur, pamiarsa, jeung jalma nu dicaritakeun. Nu enas-enasna mangrupa sopan santun makéna basa.

2) Ngalarapkeun

Ngalarapkeun nya éta maké, ngagunakeun, atawa merenahkeun.

3) Undak-usuk Basa Sunda

Ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda minangka hal anu penting dina komunikasi sacara lisan atawa tulisan. Sabab ari basa anu merenah nya éta basa anu keuna larapna atawa luyu kana kontéks situasi makéna. Ku kituna, basa Sunda nu bener tur merenah kudu nyoko kana (1) undak-usuk basa, (2) saha nu maké basa jeung nu dicaritakeun, (3) galur omongan atawa adegan basa, (4) kasang tukang tempat, waktu, jeung suasana, (5) alat nu digunakeun, (6) rasa, nada, jeung ragam basa, sarta (7) amanat jeung tujuan omongan.

4) Nulis Biantara

Nulis biantara nya éta kagiatan nyusun eusi pikiran, nepikeun gagasan, kahayang, kereteg haté, atawa informasi kalayan ngagunakeun basa nu alus jeung bener pikeun dicaritakeun di hareupeun balaréa.

3.5 Instrumén Panalungtikan

Instrumén dina ieu panalungtikan nya éta tés kasalahan ngalarapkeun undak-usuk basa Sunda dina nulis biantara. Nu diukurna nya éta kasalalahn ngalarapkeunana basa loma, basa lemes keur ka sorangan jeung keur ka batur.

3.5.1 Instrumén Pangumpul Data

Instrumén pangumpul data anu mangrupa tés bisa diténahan ieu di handap.

<p>Pancén Biantara</p> <p>Jieun warta anu sarat-saratna ditélélakeun ieu di handap!</p> <ol style="list-style-type: none"> 1. Panjangna Biantara minimal opat paragraf! 2. Pigawé kalawan ngagunakeun aturan katatabasaan! 3. Tulis ngaran jeung kelas!
--

Saméméh diasupkeun kana tabél pikeun kalancaran klasifikasi jeung déskripsi data. Dina kartu data aya kode siswa jeung kode kalimah.

Tabél 3.1
Kartu Data

Kartu Data	
	(S.01/K.01)
Kode siswa	: S.01
Kode kalimah	: K.01
Jenis kecap	: Undak usuk basa Sunda (basa loma, lemes keur sorangan, jeung leme keur batur).

Keterangan:

S.01 : S.01 (siswa nurutkeun absén)

K.01 : K.01 (Kalimah ka sabaraha)

3.5.1 Instrumén Ngolah Data

Instrumén pikeun ngolah data wangunna mangrupa tabél saperti ieu di handap.

No.	Kalimah	Undak-usuk Basa		Katerangan					
				B. Loma		Basa Lemes			
		Nu dipaké	Kuduna	M	TM	Sorangan		Batur	
				M	TM	M	TM	M	TM

Sabada dipilah-pilah biantara anu dijieun ku murid kelas IX A SMP Negeri 3 Lembang, saterusna diasupkeun kana tabél husus saluyu jeung klasifikasina.

Tabél 4.1.1.1
Merengahna Kecap Loma

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.1.2
Kasalahan Ngalarapkeun Kecap Loma

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.2.1
Merengahna Kecap Lemes keur ka Sorangan

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.2.2
Kasalahan Ngalarapkeun Kecap Lemes keur ka Sorangan

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.3.1
Merenahna Kecap Lemes keur ka Batur

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.3.2
Kasalahan Ngalarapkeun Kecap Lemes keur ka Batur

No	Kecap	f	Presentase (%)

Tabél 4.1.3.3
Kecap Kamalayan

No	Kecap	f	Presentase (%)

3.6 Téhnik Panalungtikan

Téhnik panalungtikan mangrupa salah sahiji cara anu kudu dilakonan, kalawan ngagunakeun métode anu tangtu, sangkan tujuan anu dipiharep bisa kahontal. Téhnik nu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik observasi jeung tés.

3.6.1 Téhnik Ngumpulkeun Data

1) Téhnik Observasi

Téhnik observasi anu digunakeun ku panalungtik ka siswa IX A pikeun niténan jeung nyatet sacara sitematik kaayaan SMP Negeri 3 Lembang anu baris dijadikeun sumber data. Upamana waé; jumlah sakabéh kelas anu aya di éta sakola, aya henteuna kelas unggulan, lengkep henteuna buku-buku anu ngarajong kana pangajaran basa Sunda.

2) **Téhnik Tés**

Dina ieu panalungtikan dikumpulkeun kalawan ngagunakeun téhnik tés, nyaéta méré tugas nyieun biantara ka siswa kelas IX SMP Negeri 3 Lembang taun ajar 2011/2012.

3) **Téhnik Dokuméntasi**

Téhnik dokumentasi anu digunakeun pikeun nganalisis kecap undak-usuk basa Sunda dina tulisan biantara siswa kelas IX A SMP Negeri 3 Lembang.

3.6.2 **Téhnik Ngolah Data**

Téhnik anu digunakeun dina ieu panalungtikan nya éta téhnik *analisis kasalahan berbahasa* (Tarigan & Tarigan, 1990: 188). Ieu téhnik mangrupa téhnik utama dina ngolah data, data anu geus dikumpulkeun diolah pikeun néangan jawaban-jawaban kana masalah dina data tés panalungtikan.

Ieu panalungtikan maké métode déskriptif, téhnik nganalisis datana nya éta riset déskriptif anu sipatna éksploratif. Leuwih jéntréna léngkah-léngkah téknik analisis data nyaéta:

- 1) Nganomeran unggal siswa nurutkeun absén;
- 2) maca biantara siswa kalawan gemet;
- 3) nganomeran unggal kalimah;
- 4) nandaan unggal kasalahan sarta ngasupkeunana kana tabél saluyu jeung klasifikasi anu geus disadiakeun, nya éta kecap loma jeung kecap lemes (keur kasorangan jeung keur batur).

Sabada diasupkeun kana tabél tuluy dianalisis maké ukuran préstasi anu dihontal ku siswa dina hiji kelompok.

$$\text{Indéks préstasi kelompok} = \frac{X}{\text{Skor maks}}$$

(Burhan Nurgiyantoro, 2001: 415)

1) Kamampuh maké basa loma

$$L = \frac{X}{Y} \times 100$$

Katerangan:

X : Jumlah basa loma nu merenah

Y : Jumlah basa loma nu dipaké

L : Perséntase larapan basa loma

2) Kamampuh maké basa lemes keur sorangan

$$Ls = \frac{X}{Y} \times 100$$

Katerangan:

X : Jumlah basa lemes keur ka sorangan nu merenah

Y : Jumlah basa lemes keur ka sorangan nu dipaké

Ls : Perséntase larapan basa lemes keur ka sorangan

3) Kamampuh maké basa lemes keur batur

$$Lb = \frac{X}{Y} \times 100$$

Katerangan:

X : Jumlah basa lemes keur ka batur nu merenah

Y : Jumlah basa lemes keur ka batur nu dipaké

Lb : Perséntase larapan basa lemes keur ka batur

Tabél 3.1

Patokan Persentase Skala Lima

Interval persentase tingkat	Nilai ubah skala lima		Katerangan
	0 - 4	E - A	
85%-100%	4	A	Alus pisan
75%-84%	3	B	Alus
60%-74%	2	C	Cukup
40%-59%	1	D	Kurang
0%-39%	0	E	goréng

(Burhan Nurgiyantoro, 2001: 399)